



Office of Temporary
and Disability Assistance

Kredi pou Timoun Empire State

Lajan pou Fanmi Ou –
Aji Kounye a pou jwenn jiska
1,000 dola pou Chak Timoun

An 2026 (yo rele sa tou Ane Fiskal 2025),
ou ka kalifye pou tounen resevwa lajan:

Jiska
1,000 dola
pou chak timoun ki
kalifye ki poko gen
4 an

Jiska
330 dola
pou chak timoun ki
kalifye ki gen 4 rive
16 an



Ou kalifye pou Kredi Timoun Empire State (Empire State Child Credit) ki ranbousab la si ou:

- se yon rezidan Eta Nouyòk pandan tout ane a,
- gen omwen yon timoun ki kalifye ki poko gen 17 an nan dat 31 desanm 2025
- ranpli yon deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk epi bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ki valid pou ou menm ak pou chak timoun

Si ou pa gen revni oswa si revni ou ba, ou ka resevwa kredi a sou fòm ranbousman ak lajan kach. Si ou dwe yon ti kantite taks, kredi sa a ka peye li epi menm ba ou kèk lajan kach anplis.

Ranpli yon deklarasyon taks sou revni Eta Nouyòk epi Fòm IT-213, Demann pou Kredi pou Timoun Empire State, pou resevwa kredi a.

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon sou Kredi pou Timoun Empire State la.



otda.ny.gov/ChildCredit